Бөлимге 50 жыл лет Отделению

ISSN 0134-4293

Өзбекстан Республикасы Илимлер
Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң

# ХАБАРШЫСЫ
# ВЕСТНИК

Каракалпакского Отделения
Академии Наук Республики Узбекистан

Нөкис 2009 Нукус

1

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИНИҢ

# ХАБАРШЫСЫ

ЖУРНАЛ 1960 ЖЫЛДАН БАСЛАП ШЫҒЫП АТЫР

# ВЕСТНИК

КАРАКАЛПАКСКОГО ОТДЕЛЕНИЯ
АКАДЕМИИ НАУК
РЕСПУБЛИКИ УЗБЕКИСТАН

ЖУРНАЛ ИЗДАЕТСЯ С 1960 ГОДА

**№ 1**
**(214)**

2009
ККО АН РУ

Учредитель и издатель: **Каракалпакское отделение Академии наук Республики Узбекистан**
Соиздатель: **Каракалпакский государственный университет им. Бердаха**

Главный редактор д.э.н. **Н.К. АИМБЕТОВ**

*РЕДАКЦИОННАЯ КОЛЛЕГИЯ*

**АЛЕУОВ У.А.,** доктор педагогических наук; **АЛЬНИЯЗОВ А.И.,** кандидат филологических наук; **АТАНИЯЗОВА О.А.,** доктор медицинских наук; **БАЗАРБАЕВ Ж.,** академик АН РУ, доктор философских наук; **БАХАДЫРОВА С.,** доктор филологических наук; **БАХИЕВ А.,** академик АН РУ, доктор биологических наук; **ДАУЛЕТОВ А.,** академик АН РУ, доктор филологических наук; **КАМАЛОВ С.К.,** академик АН РУ, доктор исторических наук (заместитель главного редактора); **КОНСТАНТИНОВА Л.Г.,** доктор биологических наук; **МАТЧАНОВ А.Т.,** доктор биологических наук; **НАРЫМБЕТОВ Б.,** кандидат физико-математических наук (заместитель главного редактора); **СЕЙТМУРАТОВ Е.,** доктор химических наук; **СЕМЕНОВ И.А.,** ответственный секретарь журнала; **ХАМИДОВ Х.,** академик АН РУ, доктор филологических наук; **ЯГОДИН В.Н.,** доктор исторических наук.

**Адрес редакции:** 230100, г. Нукус, ул. Амира Тимура, 179ª, тел.: **222-53-80.**
**http://www.aknuk.uzsci.net/vestnik.htm**

Зав. редакцией **Г.Ж. Шерниязова.**
Набор и корректура: **В. Султангулова, Г. Шерниязова.**
Компьютерная верстка: **В.А. Статов.**

Сдано в набор 16.01.2009. Подписано к печати 16.03.09. Формат бумаги 60x84 $\frac{1}{8}$.
Печать офсетная. Бум. л. 10. Уч. изд. 9. Тираж 400 экз. Заказ 1. Цена договорная. Каракалпакское отделение Академии наук РУ – Нукус, ул. Амира Тимура, 179ª. Регистрационный номер 01-040.

*Отпечатано в отделе печати журнала "Вестник". Реестр №11-0874.*

**© Вестник Каракалпакского отделения АН РУ**

**Турдыбаев Қ.К.** - К. Рахмановтың "Мәңгилик от босағасында" поэмасының проблематикасы ҳәм образлар дүньясы ...95
**Жәмиева П.** - Г.Есемуратованың гүрриңлериндеги көркем шеберлик...99
**Есемуратов А.Е.** - Қарақалпақ терминологиясының айырым мәселелери ҳаққында ...100
**Аяпов А.** - Ш.Сейтовтың публицистикалық поэзиясында лирикалық қаҳарман ҳәм оның руўхый дүньясы ...103
**Даўлетмуратова З.** - Қарақалпақ тилинде ер адамларға байланыслы айырым туўысқанлық атамалардың шығысы ҳаққында ...105
**Қурбанов М.Д.** - Қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлерди үйрениўдиң әҳмийети ...107
**Досжанова Г.Д.** - Қарақалпақ тилинде үй буйымлары атамаларының морфологиялық қурылысы ...110
**Каллибекова М.Т.** - Морфологический способ выражения эмотивно-субъективной оценки в английском и каракалпакском языках ...111
**Сейтназарова Д.Х.** - Фразовые глаголы типа "give up, take off" в английском языке и способы их передачи на каракалпакский язык...113
**Марзияев Ж.** - Ҳозирги қорақалпоқ публицистикасида экологик мавзуларнинг ёритилиши (2004-2008 йиллари мисолида) ...116

**Педагогика и психология**

**Тлеумбетова К.Д.** - Готовность детей к школе как основа прогноза особенностей социализации школьника ...119
**Тургунбаев Р.М., Алламбергенов И.Х.** - Преемственность в обучении математике с позиции деятельностного подхода...121
**Тойганбекова Ш.М.** - Перестройка содержания экологического образования в подготовке будущих специалистов ...123
**Шаниязова З.Б., Турманова Г.Э.** - Проблемы экологического воспитания в системе народного образования ...126
**Ходжаниязова А.А.** – Некоторые вопросы контроля знаний обучаемых ...127

**Сообщения**

**Бахиев А.Б., Трешкин С.Е., Мамутов Н.** - Результаты экспериментальных исследований по созданию галофитных пастбищ в Южном Приаралье ...130
**Султангулова В.** - Партнерство во имя будущего: о визите посла Германии ...133

**Конференции**

Миллийликти кәстерлеўге бағышланған өмир ...135

**Рецензии**

**Аимбетов Н.К., Умаров Е.К.** - Словарь науки ...144
**Убайдуллаев К.** - Устойчивое развитие регионов экологического кризиса: методология и инструментарий применения в Приаралье ...145

**Юбилеи**

**Нуржанов П., Мәмбетниязов Т., Бекбергенова З.** - Қарақалпақ прозасының белгили изертлеўшиси ҳәм теоретик алым З.Насруллаева 80 жаста...146
**Хошниязов Ж.** - Мақсетов мектеби (Профессор Қ. Мақсетовтың 80 жыллығына) ...147

ўсган бойтерак" туркумининг муҳим бадиий хусусиятларидан саналади. Бундай хусусият Гулистон Матёкубованинг бошқа публицистик асарларида ҳам яққол сезилиб турадики, бизнингча, бу чинакам истеъдод кўринишидир.


АДАБИЁТЛАР

1. Зулфия. Гулистоннинг бўстони. //Ўзбекистон адабиёти ва санъати. 1993. 2-июл.
2. Назаров Б. Гулистон ҳақида сўз. //Қайтмоқ учун кетмоқдаман (Матёкубова Г.) китобида. Нукус. //Қорақалпоғистон. 2007. 244-б.
3. Матёкубова Г. Жайҳун ёқасида ўсган бойтерак. // Аму Тонги. 1995. 8-март.
4. Ўша жойда.
5. Ўша жойда.
6. Матёкубова Г. Жайҳун ёқасида ўсган бойтерак. // Аму тонги. 1995. 1-апрел
7. Ўша жойда.



SUMMARY

The research is purposed onto the problem of poetic analysis in a publicistic article and processes of embodiment in a single personality. Particularity of the usage is scientifically enlightened with non-fiction opuscule "The Spreading Tree on the bank of Jaykhun river" by G.Matyakubova.

**The unity of publicistic depiction and lyrical analysis**



**F.D.Sapayeva**
*Nukus State Pedagogical Institute*


---

# Қ.РАХМАНОВТЫҢ "МӘҢГИЛИК ОТ БОСАҒАСЫНДА" ПОЭМАСЫНЫҢ ПРОБЛЕМАТИКАСЫ ХӘМ ОБРАЗЛАР ДҮНЬЯСЫ


Қ.Турдыбаев
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



Резюме

В статье исследуется своеобразие поэтики К.Рахманова в отражении героического эпоса. Автор основное внимание уделяет мастерству поэта при создании образов лирического и объективного героев в поэме.


К.Рахманов дөретиўшилиги XX әсир қарақалпақ әдебиятында белгили орын ийелейди. Ол миллий поэзиямызды, драматургиямызды хәм прозамызды раўажландырыўға елеўли үлес қосты. Әсиресе, оның лирикалық қосықлары менен төртликлери, алтылықлары менен поэмалары XX әсир поэзиямызда өзине тән идеялық-тематикалық көркемлик өзгешелигине ийе. Шайыр шығармалары усы ўақытқа шекем «Саған асығаман» (1970.), «Өмир толғанықлары» (1974.), "Таң ашығы" (1978.), "Өмир сен уллысаң" (1981.) деген атамалар менен басылып шықты. Олар республикамыз руўхый турмысында үлкен орынға ийе болды. Сонлықтан да оның поэзиялық шығармалары хаққында С.Ахметов, Қ.Камалов, Т.Мәмбетниязов хәм т.б. әдебиятшылар өз пикирлерин билдирди (1). Ғәрезсизлик дәўирине келип оның лирикасын жаңа дәўир көзқарасынан изертлеў баслап жиберилди (2). Деген менен, К.Рахманов поэмалары еле өзиниң изертлениўин күтип турғанлығын умытпаўымыз керек. Негизинде, шайырдың «Булт хәм қуяш», «Жамбас қала», «Сен хаққында қосық», «Бәхәр хәм ғаррылар», «Таң ашығы», «Қардағы из», «Шөл дәстаны», «Жасасын парахатшылық», «Тазадан келген оқыўшы» поэмаларының өткен әсир миллий поэмашылығымыз тарийхында белгили орны бар (3). Ал шайырдың өз алдына китап халында басылып шыққан топламларына кирмей «Әмиўдәрья» журналының хәм газеталардың бетлеринде жарық көриўи менен қалып қойған поэмалары да баршылық. Мәселен, оның «Ала сапыранлы жыллар», «Мәңгилик от басында» хәм т.б поэмалары усылардың қатарына киреди.

Дыққатқа ылайық жери сонда, шайырдың кейинги дәўирде жазылған поэмалары қандай да бир себеплер менен оның поэзиялық топламларына кирмей қалған. Биз усылардың ишинде К.Рахмановтың «Мәңгилик от босағасында» поэмасының проблематикасына хәм образлар дүньясына тоқтағанды мақул көрдик. Өйткени, бул поэма шайырдың дөретиўшилик лабораториясының жәнe бир қырын-кишкене бир хүжжетлик дәрекке тийкарланып-ақ үлкен хәм салмақлы улыўма инсаныйлық идеяларды алға қойыў шеберлигин аңлаўға бизге мүмкиншилик береди.

Поэтикалық жақтан алып қарағанда, патриотлық темаға арналған «Мәңгилик от босағасында» поэмасында да арнаўлы түрде қарастырыўға турарлық көркем қәсийетлер баршылық. Ең баслысы, шығармада екинши жер жүзилик урыстың эпикалық сыпатқа ийе ўақыяларына шайыр өз жүрегиниң қаны менен ыссы лирикалық леп берип, лирик қаҳарманның ишки жүрек тебиренислерин, улыўмаласқан әдебий қаҳарманның адамгершиликли руўхый дүньясын жеткиликли түрде тереңнен аша алған,-деп есаплаўға болады.

Дөретпе бизиң жерлесимиз Жуман Қаракулов-

тың урыс жылларындағы ерлигин тийкар етип ала отырып жазылған, яғный, ол конкрет өмир шынлығына негизленген. Шайырдың жаўынгер ерлигин өз ишки тебиренислери, ой-қыяллары менен әдебий–поэтикалық жақтан безеп, жанландырып сүўретлегенлиги бизиң дыққатымызды өзине тартады. Усы көзқарастан, шайырдың елимиз жаўынгерлериниң екинши жер жүзилик урыстағы ерликлерин көтермелеп сүўретлегениниң өзи де турмыс шынлығынан онша узап кетпейди. Шайыр өзи идеал ҳәрекет деп есаплаған ерлик ҳәм қаҳарманлықты өмирдиң өзинен-реаль адамлардың еске түсириўлеринен алған. Бирақ олардан алынған мағлыўматларды жансыз, қурғақ түрде баянламай, ал, лирикалық тебиренислер, қаҳарманның ишки толқынланыўлары арқалы жанландырып, тирилтип береди. Мысалы, поэманың эпиграфындағы: "Қаҳарман Жуман Қарақулов А.Матросовтың ерлигин қайталап қурбан болғанында жигирма еки жаста еди. (Қарақалпақстан комсомолының жылнамасынан)", - деген ҳүжжетли гәплерди оқығанымызда-ақ бул нәрсе пүткил оқыўшыларды қандай да бир ой толқынларына, ишки тебиренислерге жетелейди. Демек, поэмадағы қаҳарманлық пафос турмыс ҳақыйқатлығына, оның күш-қудиретине тийкарланған. Усыны шайыр дурыс сезе отырып «Жылнама» дағы сөзлерди поэманың эпилогы ушын дурыс таңлап алған. Усы арқалы дөретпениң тәсиршеңлигине әўел бастан-ақ ерисип отырған. Мәселен, шайыр шығарма басланыўдан-ақ мынандай поэтикалық қатарларды жазған:

Ескерткиш қойылған қаҳарманларға,
Лекин, ҳәр бирине қойылған емес.
Олар жүз,
Мың,
Миллион!
Ҳәтте оларға,
Бронза жеткериў мүмкин емес хеш (4).

Ҳақыйқатында да, булар хеш бир қосымтасы жоқ, шынлығы басым қатарлар екенлиги айқын сезилип тур. Солай да болса лирикалық қаҳарманның ойлары менен лирикалық тебиренислери төмендегише даўам еттириледи:

Олар ҳәр адымда жуўылып селге,
Бийдайлар толқыған ызғар топырақта,
Шымбай, Араратган, Латвиядан келип,
Жатыр Дон түбинде, Звала жақта,
Үйинен узақта уйқылар батырлар,
...Қәбирлер үстине көгереди шөп,
Шаўқымлы қаланың майданшасында.
Айбатлы гранит, монумент қасында,
Сөнбей ертели-кеш жалынлайды от...
(Сонда,79-б.).

Мине, шайыр усылайынша жер жүзилик урыс шынлығын бизиң түсиниклеримизге, миллий қәдриятларымызға байланыстырып, улыўма, сол жыллардың эпикалық көринислерин детальластырып, лиризмниң оты менен тутандырыў арқалы сәўлелендиреди. Усындай детальлық сүўретлеўлер поэмада оғада көп ҳәм олардың гейпаралары жанлы ҳәрекетте, қыймыл-қозғалысларда көрсетилип барылған. Мысалы:

Тынбай әжел сеўип оқ ысқырады,
Жаңғырықлап турды таўлар алабы.
Алға жылыслайды Жуман, Саркисьян,
Әжелден урыстың нызамы қатаң,
Душпанды жоқ етиў,
Өлмеў буйырылған. (80-б.).

Қараңыз, усы санаўлы қатарлардың өзинде-ақ фронт шынлығы шебер-қысқа түрде ҳәм тәсирли формада ашылған. Онда әдебий қаҳарманның ерлиги менен оған тәсийин айтқан лирик қаҳарманның гуманизми ҳәм ишки меҳрибанлық, патриотлық сезимлери де оқыўшыларға толық ҳәм эмоциональлық сыпаты басым формада жеткизилген. Ал, усылардың даўамы ретинде ишки монолог формасындағы лирикалық шегинислерге қоса төмендегидей гейпара портретлик штрихлар да қаҳарманлық руўхты тағы да күшейтиўге себепши болады:

Алға!
Кирпиклерден сорғалайды тер,
Дизе, алақанды тас кескилейди.
«О, Карпат таўлары бизге мәдет бер,
Жарамыздан тынбай қан ақсын мейли!
Қара таслар алып панаңа бизди,
Аман жеткер жаўдың шебине!» (Сонда, сол бетте).

Қарақалпақ жигити тап усылайынша жаратқаннан мәдет тилеп турған ўақытлары оның жаў шебине бирге баратырған жаўынгер, қураллас досты болған жигити Саркисьян оқтан қулайды. Сондағы Жуман Қарақуловтың ишки тебиренислери менен лиризмге, терең психологиялық толғанысқа толы ойлары шайыр тәрепинен төмендегидей шебер поэтикалық формада берилген: «Эй, саған не болды?
Сөйле, Саркисьян!
Көтере алмайсаң, басыңды неге?
Перзентин жойтпасын тағы бир ана...».

Көринип турғанындай, бул қатарлар өзиниң жүдә тәсиршеңлиги менен айырылып турады. Сонлықтан да олар лирик қаҳарманның да, шығармада ҳәрекетшең образ ретинде сәўлеленген обьектив қаҳарманның да меҳрибанлығы менен жоқары патриотизмин айқын аңлатыўға хызмет етеди. Шығармада әдебий қаҳарманлар ҳәрекет етип атырған усындай қыйын – қыстаў шараятлар лирикалық қаҳарманның ишки психологиялық тебиренислери менен улыўма инсаныйлық сыпаттағы ойларын тереңлестирилип, оларға философиялық мәни жүкленип сәўлелендирилген. Сонлықтан да поэманың бул орынлары улыўма

философиялык, өмирлик толғанысларының басымлығы менен характерленеди. Мысалы:

Өлик сөйлемейди,
Үнсиз Саркисьян…
Төбешик үстинен серпилди думан,
Булдырап көринди Карпат шыңлары…

Шайыр услайынша тәбият пенен адамды салыстырма түрде катар сүўретлеў аркалы енди сол өликтиң орнына ол өзин, яғный, әдебий лирикалык қаҳарманды сөйлетип, оның лирикалык шегинислерин берип, тутас шығарманың тәсирлилигин, экспрессивлиги менен эмоционаллығын күшейтеди.

«Бәлки улың саған қайта алмас аман,
Хош бол, узактағы үлке таңлары,
Ак сүтине разы бол Анажан!».
…Жаўынгер баратыр сум әжел таман!
Ол быйыл жигирма екиде саррас,
Жигирма еки жас!

Бул шынында да, бизиң жерлесимиз Жуман Қаракуловтың сөзлери ретинде автор тәрепинен улыўмаластырылып ҳәм конкретлестирилип, гәде қаҳарманның ишки монологи, гәде авторлық лирикалық шегинислер менен сүўретленген. Соңлықтан да шайырдың мынандай сөзлери де терең гуманизмге толы:

Не көрип үлгерди ол усы жаста,
Батысқа тартылған әжелли жоллар,
Ок-дәри түтини, ызгар окоплар…
Қыршын жигитлердиң өлиминен баска,
Не көрип үлгерди ол усы жаста ?!
Ана урыс ушын туўмаған еди,
Адам өлтириўди ойламады да.
…Ўатанның басына туўғанында күн,
Парахат өмирден жулып әкетти,
Ҳәм жалын ишине таслады оны…
Сескенбейди десе адам әжелден,
Айбынбайды десе ысқырған октан,
Инанба оған!
Қайтып бир тириле алмайды өлген.
Бир адым жер ушын болса да курбан,
Қайтып көгермейди инсан топырактан (81-б.).

Поэмадағы усындай қатарлар да өз ҳақыйқатшыллығының басымлығы, өмир менен турмысты, әсиресе, сол жыллардағы урыс шынлығын идеалластырып сүўретлегенлиги менен бахалы. Шайыр стилине жалаң публицистизм, жалаң патриотизм жат нәрсе. Оның орнына котериңки поэтикалык сыпатлар, кыйын қыйыстырылып айтылған сөзлер шығарманы безеп турғанлығын дурыс сезиниўимиз дәркар.

Солай етип, енди шайыр душпан қамалын алыўға баратырған, душпан пулемётин қандай да жол менен жоқ етиўге нийетленген жерлесимиз Жуман Қарақуловтың ис-ҳәрекет ҳәм қыймыл – қозғалысларын үлкен қаҳарманлык руўх, жанлы пафос пенен айқынластырып, оның ҳәр бир қыймылына жан ендирип, образлылықты тереңлестирип сүўретлейди. Мысалы :

Қолында гранаталар, ол кәддин тикледи.
Ол тикледи кәддин,
Мисли шыңлардай
Куламакшы болған душпан үстине.
Саатлар, бир замат токтаңлар!
Әне, ол төмен сыркпақшы қаралы суңқардай.
Ол сонша бәлентте,
Ийинлерине
Келип үйирилди бултлар топары.
Нәзер таслады ол туўған жерине.
Жасыл тоғайлардан, таўлардан ары… (82-б.).

Мине, бунда не деген қаҳарманлық руўх инсан баласының өз туўған жерине сағынышы менен қоса тап бир өлимине көзи жетип турған адам яңлы өмирди қыймаслык сезимлери бар дейсиз. Ҳақыйқатында да, тап усындай қанлы саўашларда ҳәр бир жаўынгердиң де өзиниң өлетуғынын билседе қаҳарманлык ислерге бас тигиўи сыр емес сыяқлы. Жаўынгер ҳәм қаҳарман жерлесимиз Жуман Қаракуловтың өлими де усылайынша болды. Оны шайыр былайынша детальластырып, конкретлестирип сүўретлейди.

Ол алға тасланды,
Қайсар денеси,
Үңирейген әжел уясын жапты!
Дәри өз жумысын иследи,
Әне,
Жарылыў жаңғыртты пүткил әлемди
Ок даўысы семди, жүрек токтады.
Сес-семирсиз турды таўлар алабы.
Тынышлык ҳүким сүрди бир замат.
Соңынан бәҳәрги гүлдирмамадай,
Аўзынан от кусып,
Топлар гүрсинди.
Рота умтылды төбеге қарай.
Ок дәри түтини қаплады күнди,
Мылтык найзалары боялып канға,
Төбешик алынды… (83-б.).

Дөретпедеги бундай сүўретлеўлерге ўақыялылық, яғный, эпикалык баянлаў негиз болып жатса да, оны шайырдың курғак түрде баянламастан, ал, әдебий–поэтикалык детальлар, штрихлар менен, жаңаша қосық формалары, метафора, теңеў ҳәм тағы басқаларды орынлы ислетиўи, сөзлерге саналы түрдеги пәт түсириўлер аркалы сәўлелендириўи тутас шығарманың лиризмин арттырып, ондағы тийкарғы бағдар болған қаҳарманлық, патриотлық сыпатларды күшейтип тур. Усы сыяқлы көркем-поэтикалык принциплер аркалы шайыр буйрыкты орынлап, бирақ, тири қалыў ҳаккындағы тапсырманы бежере алмай, жан тапсырып атырған жерлесимиздиң қаҳарманлығын көркем қыялдың күши менен қайта тирилтип, оған мынандай сөзлерди айтқызып, буның үстине авторлык қосымшалар, толыктырыўлар аркалы

тереңнен ашып берген:

«Буйрық орынланды!»
Мәңги ашық болып парахат таңға,
Жүреги соғыўдан токтаған батыр,
Узақ далаларға, ана-Ўатанға,
Былайынша ақырын сыбырлап атыр:
«Буйрық орынланды!»...
Солдат жыламайды,
Гүрсинеди тек.
«Сениң ушын жаўдан алынады кек!»
Жуман камротка баянлап атыр:
«Тири қалалмадым...!» (83-б.).

Шайыр Жуман Қарақуловтың мәртлигиниң ең ақырғы, шешиўши мәўритин усылайынша қысқаша-қысқаша детальлар менен сәўлелендириў арқалы-ақ патриотизм идеясын айқынластырып, тереңнен ашыўға ерискен. Сонлыктан да, бул әдебий қаҳарман психологиясының белгили бир моментлерин автор лирикалық тебиренислер арқалы бергени менен, оны эпикалық тийкарда алып сүўретлегени ушын бул дөретпеде поэмалық қәсийетлер жүзеге шыққан. Ондағы объектив қаҳарманлардың характериниң лирик қаҳарманның ой сезимлери, бақлаўлары, сезимталлығы, эстетикалық сыпаты арқалы сәўлелендирилиўи бир пүтин шығарманың поэтикалық қунын күшейткен. Усындай мақсетлерде шайыр мынандай қатарларды төгип салған:

Жаўынгерди жеңе алмады өлим.
Тек қайсар денесин оқ тилкимледи.
Жүреги бир замат токтады да тек,
Ўатанның көксинде соқты дүпилди.
Жаўынгер жығылады,
Өлмейди лекин,
Әрманлар өлмейди.
...әрманлар өлмейди.
Ерлик өлмейди.

Бул қатарларды биз шайырдың улыўма патриотлық туйғылары себепли туўылған,- деп есапласақ, ал, төмендеги лирикалық шегинислер болса өзиниң аса меҳрибанлығы, лирик қаҳарман жүрегиниң терең гуманизм менен суўғарылғанына исеним ҳасыл қыламыз.

Ол бунда жатады енди мәңгилик,
Карпат таўларында еригенде қар.
Жаўынгер сәлемин елге жеткизиң,
Звала үстинен ушқан тырналар!... (84-б.).

Әжайып жаўынгер Жуман Қарақулов сыяқлы мыңлаған қаҳарманлардың тарийх сахнасындағы үлкен орны ҳәм олардың мәңгилик өмири ҳаққында буннан артық гуманистлик ҳәм аламгершиликли сөзлердиң айтылыўы қыйын шығар. Шайыр усындай поэтикалық табысларға шығармадағы лиризмниң тереңлигин жетилистирип барыў, лирик қаҳарманның образының идеялық – эстетикалық қәдир-қымбатын күшейтиў арқалы ерискен деп есаплаўға туўра келеди.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. Нөкис. Қарақалпақстан. 1978; Усы автор. Талантқа талап. Нөкис. Қарақалпақстан. 1984; Усы автор. Қарақалпақ совет позиясы. Нөкис. Қарақалпақстан. 1988; Камалов Қ. Дала бүркити. Нөкис. Қарақалпақстан. 1992.
2. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркемлик изленислер. Нөкис. Билим. 1992; Усы автор. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы (1970-2000). Нөкис. 2004; Дабылов П. К. Рахманов лирикасында көркем формалар. //Әмиўдәрья. 2008. №4. 112-115-бб.
3. Ахметов С., Камалов Қ., Алымов Ә., Әбдиреймов Ж. Қарақалпақ әдебияты. Орта мектеплердиң XI класы ушын сабақлық. Нөкис. Билим. 1997. 183-184-бб.
4. Рахманов К. Мәңгилик от босағасында. // Әмиўдәрья. 1980. №8. 79-б. (Мысаллар усы басылымнан алынады, қаўыс ишинде тек бетлери көрсетиледи).



**SUMMARY**

The paper researches artistic originality of K.Rakhmanov`s poetry in reflection of a heroic epos. The author attended to the writer's skill which allows the poet to create images of lyrical hero and objective protagonist in the poem.

**Problematical and figurative world of K.Rakhmanov`s poem "Over the altar of Quenchless Flame"**



**K.K.Turdibaev**
*Karakalpak State University*